

Konte Hardee ak Sarasota Apwouve pou Asistans Lojman Tanporè Dirèk

Release Date: Oktòb 28, 2022

BRANDON, Fla. – Konte Hardee ak Sarasota elijib kounye a pou Asistans Lojman Tanporè Dirèk FEMA.

Yo resjwenn konte Charlotte, Collier, DeSoto ak Lee ki te deja apwouve pou Asistans Lojman Tanporè Dirèk la, ki bay opsyon pou moun ki pa gen kay yo ki pa abita akòz siklòn nan.

FEMA te detèmine ke asistans pou lokasyon pa ase pou satisfè bezwen lojman nan konte sa yo paske yo pa gen resous lojman ki disponib.

FEMA pral notifie aplikan ki elijib pou lojman dirèk. Li pral pran tan pou transpòte, pèmèt, enstale ak enspekte inite sa yo anvan yo disponib.

Pwogram Lojman Dirèk la bay twa opsyon prensipal:

- **Lwaye ak Reparasyon pou plizyè fanmi**, kote FEMA antre nan yon kontra lwaye ak pwopriyetè pwopriyete lwaye pou plizyè fanmi epi fè reparasyon pou bay aplikan yo lojman tanporè.
- **Inite Lojman Tanporè Transpòtab** tankou yon trelè vwayaj oswa kay manifaktire.
- **Direct Lease**, ki se lwe lojman ki deja egziste ki pare pou lokasyon.

Yo ka bay Asistans Lojman Tanporè Dirèk pou jiska 18 mwa apati 29 septanm 2022, dat deklarasyon federal katastwòf la, pou rive 28 mas 2024.

Lojman tanporè dirèk pran anpil tan pou aplike epi li pa yon solisyon imedyà pou bezwen lojman pwovizwa ak alontèm yon sivivan. Anplis de sa, se pa tout moun ki afekte nan katastwòf la ap kalifye pou lojman dirèk. Li enpòtan pou patnè nan tout nivo – lokal, eta, lòt federal, san bi likratif ak sektè prive – travay ansanm pou ranpli nenpòt twou vid.



FEMA

Page 1 of 2

Sivivan ki te aplike nan FEMA pou asistans pa bezwen re-aplike pou yo kalifye pou asistans lojman tanporè dirèk. Si ou poko aplike, ou ka aplike anliy sou [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov), itilize aplikasyon [FEMA a](https://www.fema.gov) pou telefòn entèlijan oswa rele 800-621-3362. Èd la disponib nan pifò lang. Si ou ap itilize yon sèvis relè, tankou sèvis relè videyo (VRS), sèvis telefòn ki gen soutit oswa lòt, bay FEMA nimewo pou sèvis sa a. Liy yo louvri soti 7 a.m. rive 11 p.m. sèt jou pa semèn.



FEMA

Page 2 of 2